Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ

№63-64
(9513-9514)

2013 соналъул
13 сентябрь

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

## РАСУЛ ХIАМЗАТОВ ГЬАВУРАЛДАСА -90 СОН



*Рорхатал цIвабзазде сухъмахъал гьарун,*
*Гьенире ракетал роржаян абе.*
*Бищун тIадегIанал гIагарал цIваби*
*ГIадамазухъе щвей буго дир мурад.*



### С ДНЕМ НАРОДНОГО ЕДИНСТВА!

Уважаемые жители Ботлихского района!

Поздравляем вас с Днем народного единства!

Этот государственный праздник, истоки которого восходят к героическим событиям прошлого нашей страны, является для всех нас символом единения, стремления к миру и взаимопониманию.

Сегодня для всех нас народное единство становится главным условием стабильности и укрепления нашего государства, формирования институтов гражданского общества, развития экономики – всего того, что необходимо нам для благополучной жизни и достойного будущего России.

Пусть каждый из нас в этот день ощутит себя патриотом и гражданином великой страны.

Мира, добра и здоровья вам и вашим семьям!

**Глава района М.Патхулаев,**
**Глава администрации Л.Балдугов.**

### ЖАКЪАСЕБ НОМЕРАЛДА

КIУДИЯВ ШАГIИРАСУЛ ЮБИЛЕЙ КIОДО ГЬАБУНА

3-гьум.

ЗАВУЧ ТАВАККАЛАЛДА ВУГО

8-гьум.

## РЕШЕНИЕ

от 09 сентября 2013 г. сел. Кванхидатли №15

**Об итогах выборов депутатов Собрания депутатов МО «село Кванхидатли»**

На основании протоколов участковых избирательной комиссии и в соответствии с законом РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» избирательная комиссия МО «село Кванхидатли» Ботлихского района решила:

1. Признать выборы депутатов Собрания депутатов МО «село Кванхидатли» 08 сентября 2013 года состоявшимися.
2. Считать избранными в депутаты Собрания депутатов МО «село Кванхидатли» :

Абдулмуъминова Магомеда Магомедалиевича
Далгатова Мухтара Исрапиловича
Идрисова Мовлидгаджи Магомедбековича
Иманшапиева Магомеда Шамсудиновича
Курбанова Курбана Лабазановича
Сайгидинова Израила Далгатовича
Сайгидинова Рахматулу Микаиловича

**Председатель комиссии Апандиев А.**
**Секретарь комиссии Магомеднабиев Ш.**

## РЕШЕНИЕ

от 09 сентября 2013 г. сел. Чанко №16

**Об итогах выборов депутатов Собрания депутатов МО «сельсовет Чанковский»**

На основании протоколов участковых избирательной комиссии и в соответствии с законом РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» избирательная комиссия МО «сельсовет Чанковский» Ботлихского района решила:

1. Признать выборы депутатов Собрания депутатов МО «сельсовет Чанковский» 08 сентября 2013 года состоявшимися.
2. Считать избранными в депутаты Собрания депутатов МО «сельсовет Чанковский» :

Алиева Ислама Пайзулаевича
Алхасова Самада Гаджибековича
Исакова Исака Бегиевича
Саадуева Сааду Магомедовича
Таймасханова Мурада Усмановича
Хадисова Хамирзу Хасаймирзаевича
Юнусова Насиба Нурмагомедовича

**Председатель комиссии Маматханов Н. Р.**
**Секретарь комиссии Гасанханов М. М.**

## РЕШЕНИЕ

от 09 сентября 2013 г. сел. Тандо №17

**Об итогах выборов депутатов Собрания депутатов МО «село Тандо»**

На основании протоколов участковых избирательной комиссии и в соответствии с законом РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» избирательная комиссия МО «село Тандо» Ботлихского района решила:

1. Признать выборы депутатов Собрания депутатов МО «село Тандо» 08 сентября 2013 года состоявшимися.
2. Считать избранными в депутаты Собрания депутатов МО «село Тандо» третьего созыва :

Асулбегова Абдулвагаба Нуцалхановича
Ахмеднабиева Хашабега Лабазановича
Баширханова Рамазана Багатаровича
Исаева Эльмудина Сулеймановича
Лабазанова Джамала Лабазановича
Саидова Хайрулу Мухаммедсайгидовича
Сайпудинова Сайгидина Хасбулаевича

**Председатель комиссии Исаев А. И.**
**Секретарь комиссии Алиева Р. М.**

## РЕШЕНИЕ

от 09 сентября 2013 г. сел. Зило №17

**Об итогах выборов депутатов Собрания депутатов МО «село Зило»**

На основании протоколов участковых избирательной комиссии и в соответствии с законом РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» избирательная комиссия МО «село Зило» Ботлихского района решила:

1. Признать выборы депутатов Собрания депутатов МО «село Зило» 08 сентября 2013 года состоявшимися.
2. Считать избранными в депутаты Собрания депутатов МО «село Зило» :

Гаджиева Сахратулу Идрисовича
Гойтиева Айдемира Шахруевича
Гойтиева Хасболата Шахруевича
Джамалова Юсупа Курбановича
Курбанова Алигаджи Омаровича
Магомедова Алигаджи Гулиевича
Магомедова Ахмеда Омаровича
Магомедова Магомеда Пайзудиновича
Рамазанова Магомеда Магомедовича
Хайрулаева Абдулу Магомедовича
Хасулбекова Адильгерея Магомедовича

**Председатель комиссии Магомедов К.**
**Секретарь комиссии Сиражудинов Ю.**

## РЕШЕНИЕ

от 09 сентября 2013 г. сел. Кижани №19

**Об итогах выборов депутатов Собрания депутатов МО «село Кижани»**

На основании протоколов участковых избирательной комиссии и в соответствии с законом РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» избирательная комиссия МО «село Кижани» Ботлихского района решила:

1. Признать выборы депутатов Собрания депутатов МО «село Кижани» 08 сентября 2013 года состоявшимися.
2. Считать избранными в депутаты Собрания депутатов МО «село Кижани» третьего созыва :

Магомедалиева Чупалава Магомедовича
Нурмагомедова Беки Алхасовича
Омарова Омара Омарасхабовича
Омарова Раджаба Гаджибековича
Омарова Шахбана Камиловича
Хасаймирзаева Батира Тажудиновича
Юсупгаджиева Гимбата Магомедовича

**Председатель комиссии Р. Магомаев**
**Секретарь комиссии Мирзаханов М. М.**

## РЕШЕНИЕ

09 сентября 2013 года № 23 с. Ботлих

**Об итогах дополнительных выборов депутата Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» пятого созыва по Гагатлинскому одномандатному избирательному округу №6**

На основании данных первых экземпляров протоколов участковых избирательных комиссий и в соответствии с законом РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», территориальная избирательная комиссия Ботлихского района

РЕШИЛА:

1. Признать дополнительные выборы депутата Собрания депутатов Муниципального района «Ботлихский район» пятого созыва по Гагатлинскому одномандатному избирательному округу №6 состоявшимися.
2. Считать избранными в депутаты Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» по Гагатлинскому одномандатному избирательному округу №6:

**Исламова Умахана Узайровича**

**Председатель территориальной избирательной комиссии Ботлихского района А. Б. Гаджиев**
**Секретарь территориальной избирательной комиссии Ботлихского района П. Б. Алиева**

## РАСУЛ ХIАМЗАТОВ ГЬАВУРАЛДАСА -90 СОН

# КIУДИЯВ ШАГIИРАСУЛ ЮБИЛЕЙ КIОДО ГЬАБУНА

11 сентябралъ Расул ХIамзатовас 90 сон тIубаялъул юбилей кIодо гьабун районалъул культураялъул рукъоб тIобитIана



Расул ракIалде щвеялъе тадбир. Тадбир рагьана районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIумаровас. КIалъазе тIоцебе рагIи кьуна



районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасе.

Жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго бергьун кIудияв шагIирасул 90 сон тIубаялъул юбилей. Расулил гьунаралъе кьимат кьезе кутакалдасан захIмат букIина. Гьев вукIана рагIи пасихIав, гIадатияв, гIадамалги гIадамазеги хирияв шагIир.Цо рагIудалъун бажарулаан Расулида бокьараб иш тIубазе. Жакъа Расулил юбилей тIадегIанаб даражаялда тIобитIулеб бугин абизе бегьула тIолабго дунялалда. Нилъер гIадат гьечIо нилъерго чиясул кьимат гьабулеб. Цогидал регионазда гьесул гьабулеб бугеб кьимат бихьидал битIахъего бичIчIуна нилъго гьеб ишалъулъ нахъе ккун ругеб куц. Исана Расулил юбилейги Дагъистаналъул президент вищиги цо кьоялъ ккана. Батизе бегьула гьениб цо хIикмат. Биччанте Рамазан ГIабдулатиповги ватизе Расулго гIадин халкъалъеги хирияв халкъги хирияв, таварихалда жиндир цIар лъикIав нухмалъулевлъун хъварав президентлъун. Нилъ рохаралги чIухIаралги рукIине ккола Расул нилъер ракьцояв, миллатцояв ватиялдасан.

Гьесдаса хадуб кIалъазе рагIи кьуна районалъул «Гъудуллъи» газеталъул редактор ГIумахан ГIумахановасе.

Расул ХIамзатовасул бицине ккани кутакалда захIматаб буго, захIматабни щиб гурин гьеб бажаризегo бажаруларо. Дида ракIалда ккола гьединаб гьунаралъул чи гIасруялда жаниб цо нухалъ гьавулев ватилин. Дагъистаналдайин абуни, гьединав инсан, гьединаб пагьмуялъул чи цойги вукIинищ вукIинарищали лъаларо. Расулилгун дир лъай-хъвай ккана Хъвадарухъабазул Союзалда. Гьев вукIана хIикматав инсан. Дун воxаравги чIухIаравги вуго, нуж, киналго гIадин Расул нилъер ракьцоявги, миллатцоявги ватиялдасан. Расулица тIолабго дунялалда лъазабуна Дагъистан. ХIатта Дагъистан лъаларездаги лъала Расул. МухIамад ПатхIулаевас абухъего Расулил юбилейги президентасул выборалги ккана цо кьоялде. Живго нилъер президент Р.ГIабдулатиповги вуго творческий инсан. Хъвала кучIдул, рахьана тIахьал Расулилгун гьесул букIана лъикIаб гъудуллъи.

Биччанте нилъее гьевги ватизе Расулго, Даниялавго гIадин таварихалде жиндир цIар унев лъикIав нухмалъулевлъун.



Гьединго данделъиялда кIалъараз ракIалде щвезабуна Расулил шигIру хъвазе букIараб бергьун кIудияб гьунар гуребги гIумруялдасан цо-цо лъугьа бахъиналги, халкъалда гьоркьоб букIараб бергьун кIудияб кьиматги .

Гьелдаса хадуб байбихьана концерталъулаб программа. Гьеб рагьана Абулайс Асайхановас тIамурги хъван ахIараб Расулил кочIодалъун. Рагьана балагьаразе Расулил гIумруялде пардав. Расулил роль хIана МухIамад Даитовас. РикIкIана кучIдул, бихьизабуна кьурди ва «МагIарулай» поэмаялдасан



цо бутIа. Ахиралда МухIамад ГIумаровас цIалана Расулил поэзиялде бугеб рокьиялъухъ ва хIаракатаб гIахьалчилъиялъухъ МухIамад Даитовасе баркала кьун Расул ХIамзатовасул фондалъул вице президент ГIазизовалъул цIаралда бачIараб кагъат.

Гьединан балагьаразул ракIал разилъуледухъ ана Расулил юбилей.

**З.МУХIАМАДОВА.**



## РАСУЛИЛ КЪОЯЛ ТIОРИТIАНА







Цебеккунго лъазабухъе, централияб библиотекаялъул хIалтIухъабаз «Расул кидаго нилъгун» «Расул Болъихъ» абурал игIланазда гьоркь 2-9 сентябралъул къояз тIоритIана «Расулил къоял» абураб тадбир. ГIуцIун букIана тIахьазул выставка, суратазул стендал.

Лъабабилеб сентябралъ культураялъул рокъоб тIобитIана «Мой очаг» абураб заседание. Заседаниялъул аслияб темалъун букIана «Фактор существования народа-язык, культура, и религия» абураб суалалда тIасан кIалъаял гьари.

Щуабилеб сентябралъин абуни, библиотекаялъул кIалгIаялда цебе тIобитIана «Белые журавли» абураб фестиваль. Фестивалалда гIахьаллъи гьабуна ГIалахъ, Болъихъ, Муни, ГIортIоколо, АнсалтIа, РахатIа, ГIанди, Гъодобери, Шодрода, Кьохъ росабазул библиотекабазул хIалтIухъабаз ва «Чебурашка» ясли-ахалъул гьитIичаз. Фестивалалъул программаялда рекъон бихьизабуна «Мой Дагестан» абураб темаялда тIасан музыкалиябгун литературияб композиция. Расулил тIахьазул выставка, кучIдул цIалулезул конкурс, шагIирасул кучIдузул инсценировка. Бихьизабуна «МагIарулай» поэмаялдасан цо бутIа. Фестивалалда гIахьаллъи гьабурал киналго гIахьалчагIазе кьуна грамотабиги шапакъаталги. Росарал бакIазул хIасилал хадур гьарилин лъазе гьабуна. «Чебурашка» ясли-ахалъул гьитIичалин абуни рази гьаруна кIудияб тIагIамаб торталдалъун. Расулил къоязда балагьизе рачIаразул сияхI бахана 850 чиясде.



**З.МУХIАМАДОВА.**

# ДУНЯЛАЛДАГО МАШГЪУРАВ ШАГIИР ХIАМЗАТИЛ РАСУЛ ГЪАВУРАЛДАСА ТIУБАНА 90 СОН

1923 — 2013

## ДАГЪИСТАН

**Гуро, гьитIинаб гьечIо, гъудулзаби, Дагъистан,**
**Гьелъул борхалъиялде ваха гьедин абулев.**
**Ахал тIогьода руго, тIогьал гIаздада руго,**
**ГIатIидаб Каспиялда гуми лъедолел руго.**



**ТIадегIанаб,**
**ТIадегIанаб, гIагараб,**
**МагIарулазул улка,**
**Аваданаб Дагъистан.**

**Йохъ, цо миллион гуро дагъистаниял ругел**
**Дунялалда гIагарлъи гIунги тIокI буго нилъер**
**МугIрул тIокIкIарал иццахъ океан зигардула**
**Аваразул васазухъ ясал чанги угьдула.**

**Гуро, гIамал кIудиял гIадамазул ватIан гьаб,**
**Амма бетIер даличIо Дагъистаналъ лъиего**
**Гьелъул ччорбалъ беролеб буго цIакъ машгъураб би**
**Гьелъул каранлъ кьабгIелеб буго цIакъ кьварараб ракI.**



## КЪУНКЪРАБИ

Дида ккола, рагъда, камурал васал
Кирго рукъун гьечIин, къанабакь лъечIин.
Доба борхалъуда хъахIил зобазда
ХъахIал къункърабазде сверун ратилин.



Гьел иххаз хаселаз халатал саназ
Нилъее салам кьун роржунел руго.
Гьелъин нилъ пашманго, бутIрулги рорхун,
Ралагьулел зодихъ щибаб нухалда.

Боржун унеб буго къункърабазул тIел,
Къукъа буго чIварал гъудулзабазул.
Гьезул тIелалда гьоркь цо бакI бихьула —
Дун вачIине гьаниб къачараб гурищ?

Къо щвела борхатаб хъахIилаб зодихъ
ХъахIаб къункъра лъугьун дунги паркъела.
Гьелъул гьаркьидалъун ракьалда тарал
Киналго нуж, вацал, дица ахIила.

## АВАР МАЦI

Нолъ макьилъ вихьана, кьалда лъукъ-лъукъун,
Кьурда квер чIван унев, бида вецIцIун дун;
Кьуруги батIалъун цеве унаго,
Цо лъарал рагIалда гIодов кколев дун.

Лъар чваххулеб буго чабхил кIкIалахъан,
Лъин кIанцIулеб буго ганчIазда тIасан;
ТIарамагъадисеб къвал балеб буго,
Къо лъикIилан дица согIаб ракьалда.

Дида лъалеб гьечIо лъил ракь гьабали,
РагIуларо цо сас сверухълъиялда.
ГIицIго борхалъуда цIумал ахIдола,
ГIицIго ахалъуда чундул угьдула.

Гьедин холев вуго, хадур гIодизе
Я гIагарлъи гуро, я гъудул гуро.
Берал къанщулелъул тIаде къулизе
Я йокьулей гьечIо, я чIужу гьечIо.

Гьале, гьеб мехалда, борхалъудасан
Нухлулазул гьаракь рагIана дида.
Гьез бицунеб буго ах, хур, хералъул,
Исана букIинеб магIишаталъул.

Кьерхен-роцIцIеналъул, боцIи-панзалъул,
Пуланав ХIасанил сихIирлъиялъул…
Гьел кIалъалел руго нилъер гIадатаб,
ГIагараб, бацIцIадаб магIарул мацIалъ.

Дир магIу бачIана бадиса къватIиб,
Къана данде цаби, вахъана тIаде.
Аваразул калам, гьелъул камиллъи!
Кинабго черхалда лъикIлъана ругънал.

Лъаларо, МухIамад, цогиязул иш,
Амма дица дирго рахъалъ абила:
Метер магIарул мацI хвезе батани,
Хваги дун жакъаго жаниб ракI кьвагьун.

Щай дие къваригIун бугеб Дагъистан,
Дир гьаракь бахъани дир лъималахъа?
Щай, дир магIаруллъи, магIарул чагIаз
Чияр мацI бицунеб жидерго гъасда?

Щай дие гьал мугIрул, гIурул рагIалда
ГIагараб магIарул кечI рагIичIони?
Камилаб гьаракьалъ нилъер кьерилаз
Кьурул рагIалда чIун, гьеб ахIулеб куц!

Дун кIудияб пикру гьитIин гьабизе
ГьитIинаб рукIнисан кIалъалев гуро,
Ва пачалихъазул Ассамблеялда
Авар мацIалъе бакI гьарулев гуро.

Амма гьал кьурабалъ улкаялъ рарал
Мактабазда гьеб мацI малъизе ккела.
Гьеб рекъараб буго нилъер халкъалда
Черхалда борчараб рачел киниги.

Гьеб мацIалъ панаяб кечI ахIулаго,
Киниги гьулакги кIикIана нилъер.
Гьаб мацIалъ рукъоса унеб мехалда
Нух битIагийилан абуна улбуз.

Гьанже нухалги тун рукъоре щвейгун,
Щиб, цоги мацIалъищ нилъ гаргадилел?
Дун магIарулазе, гьедин батани,
Бищун ахирияв поэтищ кколев?

МахIмудил пасихIлъи, гьасул хIасралъи,
Бидулъ къаламги ччун гьарурал кучIдул,
Гьел, нилъер магIарул мацIалъ кинигин,
Киданиги дида ричIчIизе гьечIо.

Бокьула, МухIамад, дие гьаб дунял,
Дунялалда бищун гьаб нилъер улка!
Дица кIвараб куцалъ кинабго рахъалъ
КучIдулъ гьеб ахIана, жеги ахIила.

Ва амма батIаго цоги рокьиялъ
Бокьула гIураб ракь, магIарул тIалъи.
Лъаларо кивехун дун хвелевали,
Амма хоб бокьила гьаниб букIине.

Щиб лъалеб, хабада цересан унел
Цо-цо нухлулаца дир хIисаб гьабун,
Гьав нилъер ХIамзатил Расул вугилан,
ХIасратаб магIарул мацIалъ абилеб.





## ЦIIадастан

Дир бусен, дир гъансито,
Дир хIасраталъул рогьел,
ТIоцебе дий ахIараб
Ихдалил кочIол гьулак.

Буго мун, ЦIада росу,
Нусго цIараки гьечIеб,
Дур панаяб цIагун дун
Дунялалда тирана.

Чваххана цIад, бана цIер —
ЦIорочIо, квачачIо дун.
Дур кунчIиялъ цIунана
Киналго полюсазда.

Биччай, нилъер миллат, мацI
Лъалеб батичIониги.
Лъалеб асар батана
Нусго улкаялда гьеб.

Дир хIасраталъул вацал,
Цо бакIалда ратичIел,
Цо ракIалъул руго гьел, —
РекIелъ щибжо гьунареб?

Гьел рихьун дида лъана,
Дунял цIун буго ЦIада:
Нусго цIараки гуро,
Нусго миллион буго.

Дир бусен, дир гъансито,
Дир хIасраталъул рогьел,
ТIоцебе дий чваххараб
Иххалъул иццул бетIер…

Гьанже мун гIатIилъана,
ГIашикъзабазул улка…
Дица гьалда цIар лъуна
ЦIадастанилан абун.



## Дун гьавураб къо



*Нахъеги рогьана дун гьавураб къо,*
*Рагьарал гордазукь буго хаслихълъи.*
*Кавудахъ гъутIбузда иналде цебе*
*Ахираб кечI буго хIанчIаз ахIулеб.*

*Гьал тIанхалъ букIана, гьудул,*
*гIурччинлъи,*
*Ва дилъги букIана гIанчIаб замана;*
*ГIемер мех бугодай жеги хаслихъе*
*Халатаб жулалъ дир лъухьизе хутIун.*

*Азбар-къоноялда херай эбелалъ*
*ТIогьиллъарал тIанхал руго лъухьулел.*
*ГъутIбуздаса тIурал тIанхазда цадахъ*
*Цоги сон лъухьана дир гIумруялъул.*

*Баркала баркияхъ, талихI гьарарал,*
*Амма гьереси щай,гьавураб къоялъ,*
*Гьанже лъебералда хадусел ингун,*
*Хиялал пашманал рештIунел руго.*

## ПатIимат

Мун ячIана гьитIинай
Гьобол дуниялалде,
Данде къана эбелалъ:
ПатIимат, ПатIиматин.

Гьулаказул гьулчиги,
Чвахулеб лъарал кечIги,
КинабгIаги рагъи-тIох:
ПатIимат, ПатIиматин.

Гьоркьоб замана ана,
Дуца гъалал кьурана,
Дур гордухъ дун гьардана:
ПатIимат, ПатIиматин.

Дица дунял сверана,
РекIел дандерижиял
Дида цадахъ ахIдана:
ПатIимат, ПатIиматин.

ГIолел руго, ПатIимат,
Нилъер гьитIинал тIанчIи,
Гьезие гвангъулеб бакъ:
ПатIимат, ПатIиматин.

ТIелхаз рахчулел берал,
Бераз рорхулел тIелхал,
ТIолго дуниял даим:
ПатIимат, ПатIиматин.



## Огь, руччаби!

Нуж лъазегIан дир гIумру
Лъарал рагIалда ана.
Нуж лъаралго лъаралъа
ГIурулъе кIанцIана дун.
Гьеб гIоралъ нужер асир,
Унго, киве рехичIев?!
Огь, руччаби, агь руччаби,
Унго-унго руччаби!

Нуж лъазегIан дун гъасда
ЦIеде къулун вукIана;
Нужер цIар гьуинлъигун
ЦIадай кIанцIана пулан.
Гьеб цIадуца керен-ракI
КигIан гIемер бухIараб!..
Огь, руччаби, агь, руччаби,
Унго-унго руччаби!

ЛъикIал гьудулзабигун
Нуж сабаблъун вагъана.
Цере цадахъ рукIарал
Дидаса ратIалъана.
НекIо росулел кверал,
Гьанже рукъулел зарал.

Гьай руччаби, гьай руччаби!
Пайда щибха, руччаби!

Нужее гIоло чанги
Гьалмагъзабаз гуккана,
Дица гьелги гуккана,
Гьереси бицинаро.
Амма киназдасаго
Нужер сихIру бергьана.
Агь, руччаби, огь, руччаби,
Унго-унго, руччаби!

Абула, рекъечIеб иш
Бугин щакдарийилан;
ЩакдаричIого чIолищ? —
ЧIурканлъи гьел лугбазул!
Добе гьимулеб гьумер,
Гьанир кьуркьулел берал,
Вай, руччаби, гьай, руччаби,
Пайда щибха, руччаби!

Цо гъалал гьурщулел куц,
Цо курмул цIутIулел куц,
Болъоде рахунелъул

Цо бохдул росулел куц!
ГьечIо дий хвалил ургъел
Херлъизе виччаге дун.
Огь, руччаби, агь руччаби,
Унго-унго, руччаби!

Нужеда ццинги бахъун,
Дирго керен бухана,
Нужехъ ккараб рокьиялъ
Дирго макьаби чIвана.
Нуж цоцада релълъарал,
Цинги батIи-батIиял.
Огь, руччаби, агь руччаби,
Унго-унго, руччаби!

Нужеца дир азарго
Ургъел, рохел хисана.
Нуж дий хисарданин ккун,
Нужее дун хисичIо.
Нуж каканагIан гIемер
ГIишкъу ккезе гьабулел,
Вай, руччаби, гьай, руччаби,
Пайда щибха, руччаби!

*КIудияб океан гьелчелеб буго,*
*Гьаб дир кIодолъиян, гIатIилъийилан;*
*Дун, гьелъухъ балагьун, пикрабалъ вуго,-*
*Росдал ицц къунани къине бугин мун.*
***
*ЩуцIуса как бала щибаб къол чияс,-*
*Щунусго дагь буго гьаб дир гIелалъе.*
*БукIанщинаб мунагь рекIел шавкъалъул*
*РикIкIун бахъинаро киналго чIумаз.*
***
*Бечедаб намусалъ мискинго тарал,*
*МагIарулал, нужер пашманаб талихI,-*
*Нужго кIкIалахъ рукIун, рикIкIана цIваби,*
*Гьел рикIкIарал гIелин гIенеккун чIарал.*
***
*Кьурда гъалараб гъветI, гъун унел тIанхал,*
*Гъурарал гIаркьелал - дир рокьул ахир.*
*ГъветI - дир араб гIумру, гIаркьелал –санал,*
*ГIодой гъурал тIанхал- дир гIишкъул бакънал.*
***
*Дун бетIергьан гьечIо бакараб цIадул,*
*Ккараб рокьиялъул, ахIулеб кочIол…*
*Дица киназего гьел маян кьола…*
*… Дун бетIергьан вукIа гьаб дирго ботIрол!*
***
*МоцIрол канлъи буго хабал зонода*
*Хваразул мацIалда дида кIалъалеб.*
*Гьелъ абулеб буго, дир пашманлъи лъан,*
*Гьанибги щибниги лъикIаб жо гьечIин.*
***
*- Чуял,щай,чуял,щай нуж дагьлъун ругел?*
*- ЧагIи дагьлъаралго нижги дагьлъула.*
*- Рокьи щай, кучIдул щай гьанже дагьлъарал?*
*- Докладал гъугъадун микрофоназда.*
***
*Дир чанго кечI буго гьанже бихъулеб,*
*Нахъе тезе нечон, рохъо гьабураб.*
*Амма гьаб рохьдолъги хъалиян цIазе*
*ЦIа къваригIун руго цо-цо «гIалимзай».*





### ЦIАДАСТАНАЛДАСА ГIАДАТАВ ЧИ

— Мун щив?
— Расул ХIамзатов.
— Киса?
— ЦIада росулъа.
— Дур хъулухъгин хIалтIи щиб?
— ХIасраталъул шагIир дун.
— Дур миллат, мацI, цIар, улка?
— ЦIадастан, рокьи, рокьи.
— ЦIаларав кив, гIелму щиб?
— ГIищкъул академия.
— Гьудулзаби, гIагарлъи?
— Киналго гIишкъу ккарал.
— Судалде гъоркье кканищ?
— Рокьул судалде ккана.
— Рагъда гъорлъ гIахьаллъанищ?
— ГIумруялъ гьенив вуго.
— Дур тушман щив?
— Ццин буго.
— Цоги?
— Гьересигун мацI.
Гьез кидаго лъукъана
Каранлъ жаниб гьинал ракI.
— Мун асирлъун вукIанищ?
— Рокьул асирлъун вуго.
— Дуе рокьулел кучIдул?
— Цо рокьул, рокьул, рокьул.
— Дуе рокьулел харбал?
— Гьадабго рокьул, рокьул.
— Дур хIайранал пикраби?
— Кидаго рокьул, рокьул.
— Дуе щвараб шапакъат?
— Холареб рокьи буго.
— Дур хазина, бечелъи?
— Даимаб рокьи буго.
— Дур борхараб байрахъ щиб?
— Панаяб рокьиялъул.
— Гьелъул кьер?
— Нусабго кьер
Нур къотIун гьабун буго.
— Байрахъалда хъвараб щиб?
— Рокьи ккарал цолъеян.
— Байрахъалда цебе гьа?
— Рокьул улка цIунизе.
— Дур гIумру?
— ГIишкъу буго,
ГIишкъуялъе ригь гьеч! о.
Гьединалщинал руго
ЦIадастаналъул лъимал.

## Къо гьечIо

Вас гьавичIеб къо гьечIо,
КечI гьабичIеб къо гьечIо,
ЦIад балареб къо гьечIо,
Бакъ щолареб къо гьечIо.
ГьечIо къо рокьи ккечIеб,
Йокьулелда къвал бачIеб,
Къого миллион соналъ
Дир гIишкъул улкаялда.
Нилъер къоял, нилъер къоял,
Бакъулалгин цIадалал,
Рокьи гьечIел чагIазе
Гьадинго арал руго.
ГIазу бачIеб къо гьечIо,
МагIу тIечIеб къо гьечIо,
Ццин бахъинчIеб къо гьечIо
КIудияб дунялалда.
Гьаниб ццин гьукъун буго,
Гьересидуй бакI гьечIо.
Цо гIишкъу, гIишкъу, гIишкъу, -
ГIумру ЦIадастаналда.
Нилъер къоял, нилъер къоял,
Бакъулалгин цIадалал,
Рокьи гьечIел чагIазе
Гьадинго арал руго.
ГьечIо къо къварилъичIеб,
ГьечIо къо рохел гьечIеб,
ГьечIо, гьечIо, гьечIо къо
Гьудулалда данд чIвачIеб.
БитIахъе росу бакьулъ
ЦIада гьавунаниги.
ЦIадастаналдаса чи
Гуро рокьи гьечIев чи.
Нилъер къоял, нилъер къоял,
Бакъулалгин цIадалал,
Рокьи гьечIел чагIазе
Гьадинго арал руго.

# СВЕДЕНИЯ

**о принятых постановлениях, сельскими поселениями МР «Ботлихский район» на 2013год «Об установлении ставок налога на имущество и земельного налога с физических лиц» (основание ФЗ от 6 октября 2003г. №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в РФ», налоговый кодекс РФ, Закон РФ от 9 декабря 1991г № 2003-1 «О налогах на имущество и земельного налога физических лиц»)**

| №№ п/п | Наименование сельских поселений | Номер и дата постановления с/поселений | ставки налога в %% | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | налог на имущество | | | земельный налог | |
| | | | от стоимости объекта | | | от кадастровой стоимости | |
| | | | до 300,0 тыс руб. | от 300,0 до 500,0 тыс.руб. | свыще 500,0 тыс.руб. | по земельным участкам | по прочим земельным участкам |
| 1 | СП "село Алак" | 29.12.2012г. №13 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 2 | СП "с/с Андийский | 29.12.2012г.№05 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 3 | СП "с/совет Ансалтинский" | 28.10.2012г. №6 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 4 | СП "село Ашали" | 29.12.2012г. №5 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 5 | СП с/совет Ботлихский" | 29.12.2012г. №5 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 6 | СП "село Гагатли" | 10.10.2012г. №05 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 7 | СП "с/совет Годоберинский | 10.01.2013г. №1 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 8 | СП "село Зило" | 29.12.2012г. №1 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 9 | СП "село Инхело" | 04.11.2012г.№5 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 10 | СП "село Кванхидатли" | 25.12.2012г. №46 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 11 | СП "село Кижани" | 03.07.2012г. №11 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 12 | СП "село Миарсо" | 29.12.2012г. №14 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 13 | СП "с/совет Мунинский" | 30.12.2012г. №5/8 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 14 | СП "село Рахата" | 29.12.2012г. №11 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 15 | СП "с/совет Рикванинский" | 29.12.2012г. №08 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 16 | СП "село Тандо" | 22.11.2012г. №20 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 17 | СП "село Тлох" | 29.12.2012г. №12 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 18 | СП "с/совет Хелетуринский" | 29.12.2012г. №12 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 19 | СП "с/совет Чанковский" | 20.11.2012г. №06 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |
| 20 | СП "с/совет Шодродинский" | 28.12.2012г. №12/7 | 0,1 | 0,2 | 0,32 | 0,3 | 1,5 |

**И.О. Начальника Финансового Управления МУСАЛАЕВ А.А.**

# РОСДАЛ МАГIИШАТАЛЪУЛ ХIАЛТIУХЪАБАЗЕ БАЯНАЛЪЕ

Хаслихъе культурабазул бачIин букIиналъе чара гьечIого хIажалъула хьоде жиндир заманалда ва битIун ракь хIадуризе. Гьелъие гIоло тIощел бакIарун хадубго сум хвезабизе ккола ва гьелда хадуб гурони бегьуларо гъваридго зяблеялъулаб ракь бегизе. Гьел тадбираз квербакъула хасалоялде ракьулъ хутIулел заралиял хIутI-хIапаро хвезабизе.

Хасаб кIвар кьезе ккола саранчаялде (гацI). Гьелъул боял рещтIунел руго Бабаюрталъул зонаялда ругел бахчабазде, овощал, пиринчI, цIоросаролъ ва цогидалги культураби рекьун ругел бакIазда.

Харил ва сумалъул гIархъазда сверухъ ракIаризе бегьула гIункIкIазда релълъарал грызунал.

Гьел къинлъун гIемерлъун хурзабахъе инелде хасало гьел ракIарун ругел бакIазда гьаризе ккола дараби. Гьелъие хIалтIизарула: Клерат, Варат, Изоцин, Гельцин - агро ва эгилфенацин дараби. МагIарухъ аслияб къагIидаялда буго ахихъанлъи.. Гьелъиеги чIахIиял заралал гьарула хIапаро-хIутIалъ. Август-сентябрь моцIазда пихъил гъутIбузда гIумру гьабулел рукIуна гIечул плодожорки, тля гIадал цIцIу-цIцIулел хIапаро-хIутIаз, пихъил букIуна парш абулеб унти. Гьединлъидал пихъил гъутIбузе гьабизе ккола биологическияб обработка. Гьебги гьабизе ккола пихъ бакIарилелде. Аслияб къагIидаялда хIалтIизаризе ккола биологическиял дараби: лепидоцид, битоксибацилин. Гьединго ракIаризе ва хвезаризе ккола хIапароялъул падилицаби, гьабизе ккола обрезка, гъутIбузда сверухъ бакI гьогь гьабизе ккола, гъутIби рацIцIад гьаризе ккола паутинаялдасан.

ЦIолбол гьабуялда гIумру гьабизе буго гроздевоялъулаб листоверткаялъ, паутиновиял клещабаз гусеницабазул лъабабилел наслабаз. Риччел бугел къояз букIине бегьула мильд, жибго цIибилалда цIикIкIараб къагIидаялда базе бегьула оидиума. Гьез гьарулел кьватIелазулъ цIолбода лъугьинабула тури ва рецI гIадаб жо.

ЦIолбол кватIун барщулеб сорталъе жеги гьаризе бегьула химдараби, цудун барщулелъе гIицIго биодараби: Лепидацид ва БИтоксибацилин дараби.

***М.Шарукъадиев, ДРялъул***
***Россельхозцентралъул***
***Болъихъ отделалъул***
***начальник.***

**ГЬУДУЛЛЪИ**

*Газета гIуцIарал:*

*Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

***Учредители:***

Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

**БетIерав редактор**
**ГI. ГIумаханов**

**Редакторасул заместитель**
**А. Агъларов**

**Отделалъул редакторал**
**Ш. Лабазанов**
**П. Дибирова**

**Мухбирзаби**
**З. МухIамадова**
**Б. СултIанова**

**Фотокорр.**
**Ш. МуртазагIалиев**

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Верстальщица**
**А. Назирбекова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.*
*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.*
*Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.*

*Тираж 1249*

*Наш эл. адрес*
*druzhba555@mail.ru*

# ЗАВУЧ ТАВАККАЛАЛДА ВУГО

АнцIила хадур соназ ТIасутIа росдал школалъул завучлъун хIалтIулев вуго ГIали МухIамадбеков. Гьанже завучасда абула школалъул директорасул лъай кьеялъул рахъалъ заместителан. 1962 соналда Буйнакскиялъул педагогияб училище лъугIизабун хадув гьев тIадвуссана лъагIелалъгIаги живго учительлъун хIалтIулев вукIараб гIагараб росдал школалде. Школалъул дирекциялъ кIудияб разилъиялда тIамула гьев рахьдал мацIалъул учителлъун.

Гьесул предметазе цIалдохъабазул рукIунаан «4»-«5» къиматал. Гьелдасан разияб букIана школалъул дирекцияги ва цIалдохъабазул эбелги-эменги…

Кин бугониги жиндирго учителасулаб лъаялда рази вукIинчIо гьев. Бицунаан жив педагогикияб тIадегIанаб лъай босизе ине кколин, гьеб заманалда жиндасан росдал лъималазе щолеб пайда цIикIкIараб букIине бугин…

Гьединал пикрабигун учителлъун гьев хIалтIула 5 соналъ. Хадув кинго чIечIо гьев жиндирго мурад тIубазабичIого. 1967 соналъ уна филологияб факультеталде цIализе. Гьениб гьес хIаракат бахъулеб букIана цIалдохъабазда цеве мекъи ккечIого ва гьезда цеве мунагьалдегун такъсиралде ккечIого вукIинелъун, ай гьезие букIине кколедухъ лъайги-тарбияги кьезе кIолевлъун, гьенив Аллагьасдаги жиндагоги цебе намус бацIцIадаблъун вукIине. бажаралъулев учительлъун вахьине тIадчIолаан гьединав учителасул киналго балъголъабиги, кьагIидабиги церетIурал хIалбихьиялги лъазариялда.

Гьеле, гьединаб хIаракатчилъигун тIадегIанаб даражаялда университетги лъугIинабун гIурус мацIалъулгун литератураялъул учителасул махщелги щун ГIали гьаб нухалъги тIадвуссуна гIагараб ТIасутIа росулъе. Амма гьеб заманалда гьезул мадугьалихь бугеб Чанхъо росдал школа гIурус мацIалъул учитель гьечIого хутIун букIиналъ гьезул гьариялда рекъон гьев уна гьениве хIалтIизе. Гьеб росдал школалъул дирекциялъги, лъай кьеялъул управлениялъги ва цIалдохъабазул умумузги нахъе ине виччачIолъиялъ, гьеб хIалтIи гьабуна 12 соналъ. Чан щварал ГIалие гьениб гьабулеб букIараб ракIбацIцIадаб хIалтIухъ баркалабиги къиматалги сайгъаталги…

1984 соналда ТIасутIа росулъ рагьула 8 класс, ай гьеб школа гьабула микьгосонилаблъун. Гьеб мехалда гьенив къваригIун вукIана лъайги махщелги бугев директор.

Лъай кьеялъул районалъулаб отделалъ цIар чIвана ГIали МухIамадбековасда. КигIанго чанхъдерие бокьичIониги ГIалица тIаде босана гIагараб росдал школалъул директорлъи ва хIалтIизе байбихьана добго жиндирго хIаракатчилъигун ва жавабчилъиялда.

«ЦIалдохъабазе-тIадегIанаб качествоялъулаб лъай ва тарбия» абураб букIана гьесул хIалтIул девиз. Гьеб мурадалде щвеялъе нухал ралагьулев вукIун гьес щулияб бухьен кколаан цIалдохъабазул эбел-инсулгунги росдал общественностальулгунги. Щивав цIалдохъанасул лъаялъеги, хьвада-чIвадиялъеги гIоло гьес щивав учителасул жавабчилъиги борхизабулеб букIана.

Узухъда, гьединаб хIалтIуца хIасилалги кьолел рукIана. ЦIикIкIарасел лъимал цIалулел рукIана «4»-«5» къиматазда, цIалдохъабазда гьоркьоб къанагIатги рукIунароан гIадлу-низам хвезабиялъул хIужаби.

Гьединан хIалтIулев вукIарав ГIалие кинго бокьана школалъул директорасул лъай кьеялъул рахъалъ заместительлъун хIалтIизе. Щиб лъалеб кинаб гIилла букIараб, батизе бегьула гIумрудул сонал яги цогидабги. Гьел гьесда жиндаго лъикI лъалел ратила. Гьелдасан нахъе, жиндирго добго ракIбацIцIалъиялдагун хIаракатчилъиялда ва девизалда хIалтIулев вуго гьеб ишалда…

Школалда тарбия-лъай кьеялъул хIалтIи лъикIлъизабиялъе гIоло гIезегIанго тадбирал гьарулел руго, хасаб кIвар кьолеб буго учительзабаз дарсал кьеялъул кьагIидаби лъикIлъизариялде, гьелъие гIоло щивав учителасул жавабчилъи букIинабиялде. Зама-заманалда гьес гIахьаллъи гьабула учительзабазул дарсазда, гьезул хIасилалги гьарун хIалтIи гьабула гьенир педагоглъиялъул цебетIураб хIалбихьи бильанхъизабиялъе. Гьев ккола тIоцебесеб категориялъул учитель. Гьоркьо-гьоркьов кIалъазе вахъуна дарсал кьеялъул рахъалъ жиндирго ва цогидалги педагогазулаб цебетIураб хIалбихьияздаса насихIаталгун. Гьединабго жавабчилъиялда тIоритIула педогогическиял методикиял данделъаби, букIинабула школалда лъай кьеялъулаб хIалтIи иналда хадуб кидагосеб халкквей. Чамго соназ цебе къватIиса учительзабазде хIажатаблъун букIараб тIасдерил школалъул гьезде кинаб бугониги хIажалъи гьечIо. Гьелъулъ мустахIикъаб бутIа буго ГIалилги. Радал школалде арав гьев рукъове тIадвуссунаро къаси кватIун гурони. ЦIалдохъабазе лъазаризе бокьулел, гIинтIамизе интерес бугел рукIуна ГIалица кьолел гIурус мацIалъулги литератураялъулги дарсал. Гьединаб хIалтIуе гIоло гIемерал шапакьатазе мустахIикълъарав ГIалица кIудияб таваккалалда байбихьана исанасеб цIалул сон.

-Дие, кидагогIадин, жакъаги аслияблъун ккола лъималазе щолеб тарбиялъулги лъаялъулги качество,-ян абуна завучас. Гьеб ккола гьанжесел тIалабазда гIумру гьабизеги, гIагараб ракь, ВатIан бокьизеги цIунизеги бажарулеб гIел куцаялъе кьучIлъун.Гьеле, гьеб масъала тIубазабиялде буссинабулеб буго ГIалица жидерго школалъул щивав учителасул лъайги махщелги ва жавабчилъиги.

**Ш.ЛАБАЗАНОВ.**

# ОГЬ, МАГIАРУЛ ТIАЛЪИ...





